

Nouvo Kontra Ekolojik pou Lekòl Piblik Boston

Dion Irish, Direktè Jeneral Operasyon, Vil Boston

Indira Alvarez, Direktris Operasyon, Lekòl Piblik Boston (BPS)



Tout elèv dwe gen :

Yon Garanti de Kalite parapò a...



Afè Akademik : Yon pwogram etid, ansèyman, ak divès bonjan kalite pakou pwofesyonèl siperyè ki teni kont etnisite ak kilti elèv yo



Anrichisman : Aksè a divès atizay, spò, gouvènman etidyan, ak divès plas sekiritè, kote elèv yo kapab ale avan ak aprè jounen skolè a



Enstalasyon yo : Divès bilding modèn ki gen aksè a divès laboratwa syans, teknoloji, divès bibliyotèk, jimnazyòm, ak divès espas pèfòmans, espas pou bay elèv yo soutyen, ak espas dirab/ekolojik



Divès Sipò pou Elèv ak Fanmi : Divès resous pou fanmi, dekwa pou elèv yo, fanmi yo, ak kominote yo kapab evolye

Bilding fizik lekòl yo enpakte sa nou kapab founi bay elèv yo nan chak domèn patikilye sa yo

Pou n kapab founi Garanti Kalite a, n ap pral :

Bati Divès Nouvo Bagay

Konstri divès nouvo bilding ki gwo ase pou ebèje plizyè kominote skolè epi founi yo avèk divès enstalasyon modèn e pwòp pou anrichi opòtinite aprantisaj elèv yo

Renove

Kote sa posib, renove divès bilding ki egziste deja pou founi divès enstalasyon modèn e pwòp pou anrichi opòtinite aprantisaj elèv yo

Solidifye divès Pakou Previ ak divès Tranzisyon Inik (k ap Fèt yon Sèl Fwa)

Finalize rekonfigerasyon nivo klas yo pou aliyen tout lekòl a modèl klas matènèl jiska 6yèm ane a/7yèm jiska 12yèm ane a, oswa modèl matènèl jiska 8yèm ane a/9yèm jsika 12yèm ane a

Konbine divès Kominote Skolè

Rann posib divès amelyorasyon bilding yo e konbine divès resous pou reyenvesti nan lekòl yo, pou etann divès opòtinite anrichisman, e pwodui divès rezilta pi solid pami elèv yo

Tip Pwojè ak Zouti

Lekòl Piblik Boston ak Vil la travay sere sere ansanm pou angaje, anvizaje, planifye, konsevwa, e bati

Divès Tip Pwojè

- Etid yo: Premye etap nenpòt pwojè se konprann sa ki posib ak sa kominote a vle
- Divès Pwojè Fondamantal MSBA: Patenarya avèk eta a pou finanse divès nouvo bilding
- Divès Inisyativ pou Tout Distri a: Divès pwojè konstriksyon oswa renovasyon k ap fèt nan chak lekòl
- Renovasyon: Se vil la ki finanse yo, divès renovasyon majè pou lekòl sila yo ki deja egziste pou amelyore bilding yo pou satisfè garanti kalite a
- Divès Nouvo Bilding: Se vil la ki finanse l, divès investisman nan nouvo bilding yo

Investisman nan zouti done ak divès zouti ki tire enfòmasyon nan men kominote a

- Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo
- Etid Konsèpsyon Lekòl klas matènèl jiska 6yèm ane/7yèm ane jiska 12yèm ane
- Tablodbò ki montre divès done sou Bilding yo

Etid Konsepsyon Aktyèl k ap Dweoule sou Enstalasyon Piblik yo

Yon etid konsepsyon se premye etap nan pwosesis yon nouvo bilding oswa yon bilding renove.

Deskripsyon	Detay yo	Estati yo
Madison Park Technical Vocational High School	Pwogram yo ak etid konsepsyon an	Y ap dewoule
Etid Konsèpsyon Lekòl klas matènèl jiska 6yèm ane ak 7yèm ane jiska 12yèm ane	Pwosesis angajman okonplè nan tout vil la pou devlope standa edikasyonèl e konsepsyèl pou nouvo lekòl klas matènèl a 6yèm ane ak 7yèm a 12yèm ane	L ap dewoule
Konplèks Bilding Jackson Mann nan	Pèsepsyon fòm bilding nan ak yon plan enjenyè pou evalye divès opsyon pou jwenn yon lokal pou yon lekòl klas matènèl jiska 6yèm ane, sant kominotè, ak lekòl Horace Mann School la	Y ap dewoule
Lekòl McKinley yo	Pwogram yo ak etid konsepsyon an	Y ap dewoule
Stad White Stadium	Yon bilding ki bezwen evalyasyon selon yon etid presedan an 2013	L ap dewoule
West Roxbury Education Complex - WREC (Konplèks Bilding Edikasyonèl)	Li bezwen evalyasyon pou rebati sit WREC a	Li pa ko kòmanse

Divès Pwojè Biling Fundamental MSBA

Deskripsyon	Estati yo
Lekòl Josiah Quincy Upper School (JQUS)	L ap dewoule
Lekòl Carter School	L ap dewoule
Lekòl Blackstone School	Annatant mizajou nan men MSBA konsènan estati li
Paris St. Lot	Annatant mizajou nan men MSBA konsènan estati li
Boston Arts Academy (Akademi Atizay Boston)	Li te fini an otòn 2022




Renovasyon ak Rekonfigirasyon

Deskripsyon	Detay yo	Estati li
Bilding lekòl Edwards School la	Renovasyon pou itilize li kòm yon espas fleksib pou Kominote lekòl Horace Mann lan	L ap dewoule
PJ Kennedy School	Ranplasman chodyè chofaj lekòl la te mande pou plis travay nesèsè fèt pou atenn konfòmite selon prensip ADA yo. 16\$ milyon nan ane fiskal 2023 a pou yon gwo renovasyon pou asire konfòmite ak divès amelyorasyon	Li nan faz konsepsyon
Frederick Middle School	Renovasyon pou kore espas fleksib yo pou lekòl Carter School la	Fini
Charlestown High School	Divès amelyorasyon bilding pou rann posib divès konvèzyon a aranjman klas 7yèm a 12yèm ane yo	Fini
East Boston High School	Divès amelyorasyon bilding pou rann posib divès konvèzyon a aranjman klas 7yèm a 12yèm ane yo	Fini
Bilding Cleveland nan	Divès amelyorasyon bilding pou mwatye bilding lan ki pa okipe	Li pa ko kòmanse
Bilding Irving nan	Renovasyon ak rekonfigirasyon (re-aranjman) pou devni yon lekòl elemantè klas matènèl jiska 6yèm ane	L ap dewoule
Bilding Timilty an	Renovasyon ak rekonfigirasyon (re-aranjman) pou devni yon espas elemantè fleksib	Li pa ko kòmanse
Lekòl BCLA- McCormack	Renovasyon espas la pou akomode gwoupman klas 7yèm jiska 12yèm ane	1ye faz la fini


Divès Inisyativ pou Tout Distri a

1. Enstalasyon Sous Dlo
2. Divès Amelyorasyon pou Sekirite
3. Kouvèti pou Radyatè yo (Aparèy Chofaj yo)
4. Enstalasyon Kouran AC (kouran altènatif)
5. Divès Amelyorasyon nan Lakou Lekòl yo
6. Divès Amelyorasyon nan Teren Eksteryè yo
7. Renovasyon Twalèt yo
8. Divès Amelyorasyon parapò a Aksesibilite
9. Divès Amelyorasyon nan Antre yo
10. Amelyorasyon nan Efikasite Enèji ak Dlo
11. Divès Amelyorasyon nan Espas Spesyalize yo
 - a. Bibliyotèk yo
 - b. Oditoryòm yo
 - c. Chanm Atizay yo
 - d. Chanm Syans yo


AC Installation Project Summary




District - Wide Painting Project Summary




Radiator Cover Project Summary



Floor Screening Project Summary




Divès Pwojè Majè Selon Katye



Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo (FCA)

Yon analiz objektif sou kondisyon bilding yo ki baze sou nòm endistri ke konpayi enspeksyon « Bureau Veritas » ap fè. Nan fen pwojè 18 mwa sa a, ki te kòmanse nan Prentan 2022, done ki sot nan men FCA a ap founi enfòmasyon sou instalasyon yo k ap pi egzak e pi solid, pami yo :

- Kondisyon aktyèl yo
- Divès estimasyon sou dire de vi (dirabilite)
- Pri ranplasman
- Yon envantè pwopriyete byen detaye ki kouvri tout distri a



Yon Rezime sou Angajman Kominotè

Nou dwe travay ansanm avèk kominote skolè yo pou n fè divès pwopozisyon ak desizyon sou enstalasyon Lekòl Piblik Boston yo.

Kolaboratè yo :

- Lidèchip Lekòl yo
- Fanmi yo ak Elèv yo
- Manm Pèsonèl ak divès Depatman Lekòl yo (Egzanp : OSE - Biwo Edikasyon Espesyal, OMME - Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl, OAG - Biwo pou Reyisit ak Rediksyon Mankman)
- Patnè kominotè yo
- Divès Ajans vil la
- Fonksyonè eli yo
- Komite Skolè a

Yon Egzaminasyon Wo Nivo :

- **Egzaminasyon pratikabilite entèn** : finans, kondisyon bilding yo, pwogram yo, popilasyon etidyan an
- **Kòmantè kominote a** : REPT (zouti pou planifikasyon ekite rasyal), fòmilasyon ide, lidèchip lekòl yo, divès reyinyon angajman, ak konpsepsyon
- **Egzaminasyon Komite Skolè a** : Aprè yon kolaborasyon solid avèk kominote skolè sila yo ki enpakte, Sipèntandan an ap met devan yo yon pwopozisyon pou yo konsidere.

Kominikasyon Angajman Kominotè

- Sit entènèt Nouvo Kontra Ekolojik (« Green New Deal ») Lekòl Piblik Boston an, ki gen ladan l divès bwochi kominotè, pwogram reyinyon, lyen Zoom, ak nòt ak anrejistreman reyinyon yo
- Divès imel, apèl telefonik otomatize, mesaj tèks, bwochi, elatriye, pou fanmi yo, elèv yo, manm pèsònèl yo, patnè kominotè yo, ak fonksyonè eli yo, pou divès reyinyon lekòl patikilye.
- Planifye yon tou angajman nan tout vil la pou travay avèk chak lekòl ak katye
- Vizite lekòl yo pou konekte avèk manm pèsònèl yo ak fanmi yo nan yon anviwònman ki pi natirèl
- Fè pwomosyon pwojè yo ak reyinyon yo sou divès kont medya sosyal Lekòl Piblik Boston
- Founi divès mizajou nan Bilten Nouvèl Distri a



Angajman Kominotè Aktyèl e Fiti

Pwochè Dat Angajman Kominotè yo

Reyinyon Angajman pou tout lekòl Roslindale yo	Jedi, 17 novanm a 6:30 diswa Nan lokal : Washington Irving School
Kominote Lekòl Shaw ak Lekòl Taylor	Mèkredi, 30 novanm, a 5:00 diswa Nan lokal : Mildred Avenue School Auditorium (nan oditoryòm lekòl la)

Mèsi !

